

Nouvo kondisyon kòd administratif Florid Premium Plus Insurance Program

Nouvo kondisyon yo ap kòmanse le 1 Novemb 2023, pou asirans pwoteksyon 2024

Pou asirans

Byenveni nan Premium Plus Pwogram asirans

Mwen bezwen ed pou mwen Enskri nan yon plan asirans

Mwen deja gen yon kontra asirans

Pou w resevwa benefis nan pwogram Premium Plus la asirans ki gen ladan, peman chak mwa pou asirans sante w e ,ko peman medikamen, paticipan yo dwe suiv kondisyon yo:

1. Paticipan yo dwe enskri nan Premium Plus chak ane

Enskri sou entènèt nan <https://enroll.brhpc.org> oswa nan telefòn lè w rele 1-844-441-4422.

Ou dwe suiv kondisyon sa menmsi ou enskri ak ed yon ajan, koutye, navigatè, manadjè ka w, etc.



Eskane Kòd QR code to la pou jwen sit entènèt <https://enroll.brhpc.org/>

- Enskripsyon e re enskripsyon nan pwogram Premium Plus la dwe renouvle chak ane kelkeswa tip asirans ke ou genyen Marketplace/Affordable Care Act (ACA) ladann tou, assirans travay w oswa COBRA
- Kalifikasyon pou pwogram lan dwe renouvle chak 12 mwa. Si w bezwen ed pou renouvle kalifikasyon w , souple kontakte Depatman Sante nan zòn ou oswa rele nan 1-844-381-2327.

2. Ou sipoze al pran medikaman w yo nan famasi ke asirans ou bay dwa pou sa

Kliyan ki gen asirans yo sipoze chwazi nan lis famasi ki akseptè asirans w

Kalifikasyon ke w bezwen an plis pou Marketplace / ACA pou plan asirans

1. **Detèmine si w eligib pou w resevwa sibvansyon (yon pri ki ba)**

Lè wap aplike pou asirans nan Marketplace , paticipan yo sipoze chèche konnen si yo kalifye pou yon " kredi tax " e yon "rediksyon depans pataje" kap diminye peman w chak mwa. -Peman ke w fè chak mwa pou asirans e kòb ki sot nan poch ou pou peye visit doktè, laboratwa, e medikaman. Si paticipan yo kalifye , yo dwe chwazi yon Premium tax credit avanse ke yo peye konpani asirans lan direktman.

2. **Enskri nan yon plan asirans ki apwouve**

Se sèlman plan ki apwouve yo ki kalifye pou asistans. Lis plan ACA ki apwouve yo mete ajou chak ane an Novemb pou ane kap vini an . Lis plan Marketplace yo ap disponib sou entènèt e li itilize yon sistèm ki kalkile plan asirans yo.

3. **Voye dokimasyon ki gen rapò ak aplikasyon w lan biro local pwogram lan.**

Ou sipoze voye tout dokimantasyon nan Marketplace lan ki fè pati aplikasyon w e/ou pwosesis enskripsyon ou sipoze voye l too nan biro local pwogram lan, Si BRHPC ou American Echange rampli enskripsyon w lan yap voye dokiman yo otomatikman. Tout chanjman nan kòb ke ou fe, adrès ou kondisyon ke wap viv ex., maryaj,divos, adopsyon ou statif w lè w rampli tax ou sipoze voye yo nan [Healthcare.gov](https://enroll.brhpc.org) or <https://enroll.brhpc.org> anplis pwogram lan

Kalifikasyon an plis pou COBRA e asirans travay

Enfòmasyon COBRA e kontra asirans travay e tout lòt enfòmasyon sou dokimantasyon kontra asirans ou sipoze ale nan <https://enroll.brhpc.org>. Nan enfòmasyon yo mande yo , men sa ki genyen:

- Ki moun pou voye chèk la bay / ki kote pou voye peman.
- Ki lè asirans lan kòmanse / ki lè asirans lan ap fini.
- Kòb pou peye chak mwa / oswa sak ki rete pou peye .
- Enfòmasyon ki sipoze sou chèk la (nimerò kont ,nimerò idantifikasyon, nimerò social etc.).

Tout chanjman e renouvèlman enfòmasyon ou sipoze voye l nan <https://enroll.brhpc.org>.